



FÈY ENFÒMASYON SOU MALARYA POU IMIGRAN AYISYEN

Depatman Lasante Leta Florid, DOH

Si w ap planifye pou al Ayiti, ou menm ak manm fanmi ou ka an danje pou ou gen malarya. Gen Malarya nan prèske tout kote annAyiti, nan vil yo tou. Menmsi ou te fèt nan yon peyi ki gen malarya, li posib pou ou malad.

- Ou kapab pèdi tout pwoteksyon iminite ou te genyen avan.
- Ozetazini pa gen oken defans iminite ditou.
- Ou ka vin malad grav ak malarya kounye a, menmsi ou te gen malarya avan epi ou pa t malad grav.

Gen anpil etap ou ka fè pou pwoteje tèt ou kont malarya. Kèk nan yo ap pwoteje w kont deng ak lòt maladi grav mayengwen sikile.

Pa kite Mayengwen Mòde w

- Si li posib, rete anndan kay yon kote ki fèmen ak til oubyen ki klimatizè ant lè solèy leve ak lè solèy kouche.
- Si pa genyen yon kote fèmen ak til oubyen klimatizè pa disponib, sèvi ak flit ki genyen "pyrethroid" nan kote w ap viv epi dòmi anba til, depreferans sa ki flite ak anti-ensèk.
 - Pou plis enfòmasyon sou fason pou kòmande til pou kabann, vizite www.travmed.com, telefòn 1-800-872-8633 oubyen www.travelhealthhelp.com, telefòn 1-888-621-3952
- Mete chemiz manch long, pantalon long, ak chapo lè ou soti deyò.
- Flit ki genyen DEET (N,N-diethyl-meta-toluamide) bay bon pwoteksyon. Swiv enstwiksyon ki sou etikèt pwodwi a.
- Li enstwiksyon ki sou etikèt la pou ou asire pwodwi pou repouse ensèk yo apwopriye pou laj moun nan. Ou pa dwe sèvi ak DEET sou timoun ki genyen mwens pase de mwa.
- Timoun pa dwe manevrepwodui pou repouse ensèk. Granmoun dwe pase pwodwi pou repouse ensèk nan men yo dabo epi pase li sou ko ak rad timoun nan, evite zye ak bouch timoun nan.
- Sèvi ak yon til ki seze ak elastik arebò li pou ou kouvri chez ou pote tibebe pou ou ka pwoteje yo. .
- Konsantrasyon DEET ki pi fò ka dire plis tan, men, yon ki plis pase 50% pa bay oken pwoteksyon anplis. Pwodwi DEET ki pran tan pou yo deklennche kapab dire plis pase pwodui likid.

Medikaman kont malarya

- Vizite doktè ou 4 a 6 semèn avan pou ale Ayiti. Sa ap fè ou jwenn enfòmasyon sou vwayaj, preskription medikaman konn malarya, ak vaksin pou lòt maladi.
- Achte remed kont malarya avan pou vwayaje bò dlo. Medikaman ou achte nan lòt peyi ka pètèt pa pwoteje ou konn malarya. Pou pwoteksyon total, pran tout medikaman ou yo jan doktè preskri ou avan vwayaj la, pandan w ap vwayaje, epi aprè ou retounen Ozetazini. Lè w pa vin fè tretman an nèt sa ka lakoz ou fè enfeksyon.

Lòt Prekosyon

- Konnen sin ki posib pou yon enfeksyon malarya, tankou fyèv, frison, maltèt, kò fè mal, fatig, noze (kè plen) ak vomi, dyare, ak po jon.
- Si ou menm oubyen yon lot moun ka vwayaje malad, swa pandan ou t ap vwayaje oubyen menm apre plizyè mwa aprè ou retounen Ozetazini, chèche swen medikal san pèdi tan ale kay doktè fanmi ou oubyen ale nan sal dijans ki pe pre ou. Di doktè a ou te nan yon zòn ki konn genyen malarya. Si yo pa trete li la pou la, malarya ka lakoz maladi grav oubyen lanmò vit.

Pou plis enfòmasyon sou malarya, kontakte departman sante konte ou a. Sit wèb Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention) (www.cdc.gov) ak liv CDD enfòmasyon sante pou vwayaj entènasyonal (www.cdc.gov/travel/content/yellowbook/home-2008.aspx) se bon resous tou.